



Affiliate Columbia University College of Physicians and Surgeons
Member NewYork-Presbyterian Healthcare System
A Planetree Hospital

Direktiv a Lavans

Dwa ou Nan Desizyon Swen Sante Pa W

Lè y-ap ospitalize w nan Lopital Stamford, y-ap pwal mande w yon fòm Direktiv a Lavans, kòm kwa yon Testaman'n Vi, osnon yon Reprezantan Swen Sante. Si w genyen yon tèl dokiman, yo va mande w pou w ban nou yon kopi a chak fwa ou gen pou w ospitalize; konsa nou va toujou gen yon dokiman ki a jou konsènan tout ve ou yo.

Pwosedi sa a li konfòm avek lwa leta ak federal, men premyè sousi nou se pou respekte epi onore ve pèsonèl ou otan ke nou kapab. Swen ke w va resevwa isi a pa pwal depann deske w genyen yon direktiv a lavans.

Enfòmasyon ki pi ba a, se Biwo Pwosekitè Jeneral la ki fè nou jwenn li pou asiste w nan desizyon pou w genyen epi kòman w ka prepare yon Direktiv a Lavans.

Ou gen dwa pou w deside sou swen medikal ke w resevwa. Si w pa vle yon janr de tretman, se dwa w pou w di doktè w lan ke w pa vle yo epi fè yo respekte volonte w. Se dwa w tou pou w jwenn enfòmasyon nan men doktè w lan ki pou ede w arive pran yon desizyon sou ki swen medikal ke w vle pou yo ba ou.

Gen on lè ki ka rive kote w ka pa kapab patisipe aktif nan detèmine tretman ke w vle paske w nan yon eta maladi grave, oswa w gen yon blesi grav osnon ou entatad.

Ti liv sa a diskite opsyon ki genyen nan Konektiket ki ka ede w met sou papye, a lavans, tout enstriksyon ke w vle bay pou gide doktè w lan, fanmi w ak lòt moun tou nan chwa tretman ke w vle pou yo swiv sizoka ou pa nan eta pou eksprime volonte w. Li montre w tou kouman pou apwente yon moun ki ka pran desizyon nan plas ou

Menm kan nou eseye prezante enfòmasyon ki egzat, ti liv sa a pa pretann prezante okenn konsèy legal oswa medikal ke sèlman avoka w ta dwe ba ou

Enfòmasyon ki pi ba a, li sòti nan sa yo rele "Your Rights to Make Health Care Decisions" [Dwa ou pou Pran Desizyon sou Swen Sante pa w], ki se yon Rezime Lwa Konektikèt ke Biwo Pwosekitè Jeneral la prepare pou Depatman Sèvis Sosyal ak Depatman Sante Piblik (2006) ct.gov/ag/cwp.

Eske w genyen dwa pou w pran desizyon sou swen lasante?

Wi. Pasyan ki gen laj adilt nan Konektikèt gen dwa pou detèmine kelkeswa tretman medikal yo gen pou resevwa. Si w ka konprann nati ak konsekans desizyon sou swen lasante ke y-ap mande w pou pran an, ou gen dwa dakò pou tretman ki ka ede w la, osnon, ou gen dwa refize tretman an menmsi tretman an ta ka ede kenbe w vivan pi lontan.

Eske w genyen dwa pou jwenn enfòmasyon nesesè pou w pran desizyon sou swen lasante?

Wi. Doktè yo gen pou responsablite pou yo founi pasyan yo tout enfòmasyon ki ka ede yo pran yon desizyon. Doktè w la va eksplike w:

- Ki tretman ki ka ede w;
- Kouman chak tretman ka afekte w, kidonk, kouman li ka ede w, osnon si gen kèk pwoblèm serye oswa efè segondé tretman sa a kapab koze;
- Sa-k ka rive si w deside pa aksepte tretman an. Doktè w la gen dwa rekòmande nenpòt ki tretman ki apwopriye selon lamedsin, men desizyon final la nan men w. Yo founi w tout enfòmasyon sa yo pou w kapab egzèse dwa w pou deside sou tretman ou an tout konesans.

Kisa yon direktiv a lavans ye?

Yon direktive a lavans se yon dokiman legal ke ou sèvi pou w bay direktiv oswa eksprime preferans ou sou swen medikal ou epi/oswa apwente yon moun ki pou aji nan non w. Doktè ak lòt moun sèvi avèk yo lòske w pa kapab pran oswa kominike desizyon w sou tretman medikal ou.

Yo prepare direktiv a lavans avan tout situasyon oswa sikonsans rive ki ta ka koze ke w pakapab aktif nan pran desizyon sou swen medikal tèt ou.

Nan Konektikèt genyen de (2) tip de Direktiv a Lavans:

- Testaman' n vi oswa enstriksyon pou swen lasante
- Apwentman yon reprezantan swen lasante.

Eske mwen dwe genyen yon Direktiv a Lavans?

No. Ou pa oblige genyen yon testaman' n vi ni okenn lòt tip direktiv a lavans pou w resevwa swen medikal oswa ospitalize nan lopital oubyen plase nan nèsing-om [Mezon' n Retrèt] oswa lòt kote ki bay swen medikal. Yo pa gen dwa refize bay swen medikal oswa sopitalize pesonn paske l-pa siyen yon testaman' n vi oubyen lòt fòm direktiv a lavans.

Si yon moun refize ba ou swen medikal oswa admi w nan lopital amwens ke w siyen yon testaman' n vi oswa yon lòt fòm direktiv a lavans, kontakte Depatman Sante Biblik nan Hartford, Konektikèt nan

Kisa yon Testaman’n vi ye?

Yon testaman’n vi se yon dokiman ki stipile ve/volonte w konsènan jan de swen lasante ke w ka resevwa. Si pa malè ou ta nan yon kondisyon tèminal oubyen w nan yon eta enkonsyan pèmanan, testaman’n vi ya ap fè doktè w la konnen si w vle “machin la-yf sipò” [aparèy vi atifisyèl] pou kenbe w vivan osnon si w pa vle jan de tretman sa a, menm si sa ta vle di lanmò sèten pou ou. Testaman’n vi a ap efektif sèlman lè ou ta tonbe entatad, ou pa ka pran epi kominike desizyon w sou swen medikal ou.

Kisa kondisyon tèminal oswa eta enkonsyan pèmanan vle di?

Yon pasyan nan yon “kondisyon tèminal” lòske doktè a jwenn ke pasyan an gen yon maladi ki(1) enkirab oswa irevèsib epi (2) ki ap koze lanmò sèten nan yon ti tan kout si yo pa mete-l touswit nan yon Systèm la-if sipò” [aparèy vi atifisyèl]. “Eta enkonsyan pèmanan” vle di yon koma pèmanan oswa yon eta vejetatif pèsistan kote pasyan an pa konnen anyen de tèt pa-l, ni sa-k nan antouraj li epi li pa konnen pou-l reponn lè w pale avèk li.

Kisa Systèm La-yf Sipò [aparèy vi atifisyèl] la ye?

Yon “Systèm la-yf Sipò” se yon tretman ki retade lè lanmò w oswa ki kenbe w nan yon eta enkonsyan pèmanan. Antròt, systèm la-yf sipò yo kapab youn nan bagay sa a yo:

- Aparèy tankou machin respiratwa avek machin pou dyaliz;
- Resisitasyon kadyopilmonè (CPR);
- Manje ak likid pa vwa atifisyèl, tankou “fiding tyoub” [tub manje] ak seròm.

Yo pa enkli ladan yo:

- Vwa nòmal pou manje ak bwè, tankou manje avèk asistans yon lòt moun oswa avèk yon chalimo;
- Medikaman ki ede soulaje doulè.

Eske y-ap ban mwen medikaman pou doulè si-m genyen yon testaman’n vi?

Wi. Yon testaman’n vi pa afekte responsablite doktè w pou-l ba w medikaman pou doulè oswa swen pou kenbe w konfòtab fizikman (pa egzamp, swen sitou pou mentni sikilasyon san w oswa pou sante po w avèk misk oswa venn kò w). Yo dwe aplike jan de swen sa yo tout lè ke yo apwopriye.

Kisa yon Reprezantan swen lasante ye?

Yon Reprezantan swen lasante se yon moun ke w otorize sou papye pou-l deside tout bagay ak tout swen lasante ke pou ou nan non w, menm deisizyon pou kenbe w ou deploge w nan sistèm la-yf sipò. Yon Reprezantan swen lasante pa ka aji pou ou tout otan ke w pa nan eta entatad pou w pran epi kominike desizyon sou swen sante w. Reprezantan swen lasante ya va pran nan non w desizyon ki baze sou ve pèsonèl ou, selon sa ki ekri nan testaman'n vi a oswa sa ke reprezantan swen lasante w la konnen. Nan ka kote ve pèsonèl ou yo pa trò klè oswa yon sityasyon rive ke w pa-t antisipe, reprezantan swen lasante w la va pran yon desizyon ki nan pi gran enterè pa w, selon sa ke li konnen de ve pèsonèl ou.

Ki janr de desizyon sou tretman ke reprezantan swen lasante a kapab pran?

Yon reprezantan swen lasante gen dwa pran nenpòt epi tout desizyon sou swen lasante pou ou, menm desizyon pou aksepte oswa refize nenpòt tretman, sèvis oswa pwosedi ke yo itilize pou dyagnostike oswa trete nenpòt maladi fisik oubyen mantal. Reprezantan swen lasante a gendwa pou deside mete, kontinye oswa deploge sistèm la-yf sipò yo. Reprezantan swen lasante a pa gen dwa d-desizyon nan kèk tretman espesifik ki daprè lalwaw gen demann espesyal.

Kouman Reprezantan swen lasante m-nan ap konnen kilè l-ka kòmanse pran desizyon nan plas mwen?

Nenpòt lè apre w finn apwente reprezantan swen lasante w lan, reprezantan swen lasante a gen dwa mande doktè ki ap ba w swen an yon avi alekri si doktè a jwenn ke w pa kapab pran oswakominike desizyon w sou swen medikal pou tèt pa w. Menm si reprezantan swen lasante w la pa ta fè sa, dabitid, moun ki responsab pou baw swen lasante yo va chèche reprezantan swen lasante w la osito ke yo jwenn ke w pa an eta pou pran oswa kominike desizyon w sou swen medikal pou tèt pa w.

Kisa yon Konsèvatè ye?

Yon "Konsèvatè yon moun" se youn ke Tribunal Siksesyon e Titèl apwente si Tribunal la jwenn ke yon pa an mezi pou-l pran swen tèt li, ni nonplis li pa kapab pran desizyon sou swen medikal pou tèt pa li. Yon moun ke Tribunal la konsève pote non "Pèsonn sou Titèl Jidisyè."

Konsèvatè yon moun an gen responsabilite pou-l veye aske bezwen sante ak sekirite pèsonn sou titèl jidisyè a konble epi li genyen tou pouvwa pou-l bay konsantman -l pou sèvis, tretman ak swen medikal pesonn sou titèl jidisyè a.

Ou gen dwa deziye a lavans moun ke w vle pou Tribunal la apwente kòm konsèvatè w lè w vinn pa kapab pran pwòp desizyon pou tèt pa w. Si w genyen yon konsèvatè, yo va konsilte li pou tout desizyon sou swen medikal ou. Sepandan, si w genyen yon testaman'n vi, yo pa bezwen konsantman konsèvatè a pou yo fè volonte w jan w eksprime-l nan testaman'n vi a.

Si yo apwente konsèvatè a aprè, li dwe swiv enstriksyon pou swen lasante pa w yo, swa jan li eksprime nan testaman'n vi a, oswa jan ke w te fè konsèvatè a konnen lè w te ka pran epi kominike

desizyon sou swen lasante. Anplis de sa, konsèvatè a pa ka revoke direktiv a lavans ou yo san zodonans Tribunal siksesyon ak titèl la.

Kouman yo va deside pou mwen si mwen genyen a lafwa yon reprezantan ak yon konsèvatè?

An jeneral, desizyon reprezantan swen lasante an va pase si konsèvatè a pa tonbe dakò avèk reprezantan swen lasante a, amwens ke Tribunal Siksesyon ak Titèl la deside otreman. Règ sa a gen dwa pa aplikab nan sitiasyon kote konsèvatè a te apwente nan kèk ka patikilye.

Ki direktiv a lavans mwen ta dwe genyen?

Si w vle asire ke yo konnen ve pèsonèl ou yo sou swen medikal pou tèt pa w si w pa kapab eksprime yo ou menm, ouu ta dwe genyen yon testaman'n vi epi w ta dwe apwente yon reprezantan swen lasante. Chak direktiv a lavans yo genyen yon enpòtans espesyal.

Si w pa kapab pran desizyon oswa kominike preferans ou kòm swen medikal, doktè w la ap sitou gade nan testaman'n vi a an premyè kòm sous ve pèsonèl ou. Reprezantan swen lasante w lan kab pran desizyon pou ouu selon sa ki deja nan testaman'n vi a. Nan ka sitiasyon ki pa-t adrese nan testaman'n vi a, reprezantan swen lasante w lan kapab pran desizyon ki pi bon pou ou men ki ale nan men sans a sa ke li konnen de ve pèsonèl ou yo.

Ki moun mwen ka nome reprezantan swen lasante oswa konsèvatè mwen?

Si w vle ou ka nome men mooun an kòm reprezantan swen lasante e konsèvate an menm tan. Moun ke n-a site pi ba a yo pa kapab kòm reprezantan swen lasante w:

- Doktè w lan;
- Si w se yon pasyan nan yon lopital oswa nan yon nèsing-om [mezon'n retrèt], epitou ou aplike pou admisyon, operatè yo, administratè yo, ak tout anplwaye nan plas saa;
- Yon administratè oswa yon anplwaye nan ajans leta ki responsab pou peye pou swen medikal ou.

Apa restriksyon sa a yo, ou gen dwa nome nenpòt moun ke w santi ki kapab sèvi kòm reprezantan swen lasante w. Byenentandi, ou ta dwe pale avèk moun ou vle a pou asire w ke moun an ap vle sèvi epi aji selon ve pèsonèl pa w.

Eske w oblige gen yon avoka pou w kreye yon direktiv a lavans?

Non. Ou pa oblige gen avoka pou w kreye yon direktiv a lavans. Ou ka itilize fòm ki nan ti liv sa a.

Eske w oblige gen notè pou w kreye yon direktiv a lavans?

Sof pou fòm fakiltatif yo, fòm yo pa mande pou gen notè. Yon sèl fòm adisyonèl fakiltatif ke yo rele afidavi'd temwen ki enkli pami fòm yo nan ti liv sa a mande pou gen yon Notè Piblik oswa yon Avoka pou verifye siyati temwen yo. Nou va diskite fòm sa a ak plis detay nan seksyon ki vinn apre a. Si w genyen kesyon sou lalwa, ou ta dwe konsilte yon avoka.

Eske m-dwe siyen direktiv a lavans mwen an devan temwen?

Wi. Ou dwe siyen dokiman an nan prezans de (2) temwen pou ke direktiv a lavans lan kapab valab. Aprè sa, temwen yo va siyen fòm nan.

Pou testaman'n vi a ak apwentman yon reprezantan swen lasante ya, genyen yon fò fakiltatif ki nan ti liv sa a. Yo rele li Afidavi'd Temwen. Se deklarasyon sou sèman temwen yo ke yo te wè lè w t-ap siyen testaman'n vi a oswa fòm pou apwentman an, ke w te byen nan tèt ou epi ke se te chwa pa w pou w te fè sa. Sizoka ta genyen yon mezantant konsènan testaman'n vi a oswa apwentman reprezantan swen lasante a, Afidavi'd Temwen yo kapab rann li valab. Afidavi sa a mande pou genyen yon Avoka oswa yon Notè Piblik.

Ki moun ki kapab sèvi temwen siyati-m sou direktiv a lavans lan?

An jeneral, lwa Konektikèt pa di ki moun ki kapab oswa ki pa kapab sèvi temwen pou direktiv a lavans lan. Yon eksepsyon ki enpòtan sè ke moun ke w apwente kòm reprezantan swen lasante oswa konsèvatè w lan pa kapab sèvi kòm temwen siyati w sou fòm apwentman an.

Lè-m fin ranpli direktiv a lavans lan kisa m-ta dwe fè?

Ou ta dwe di moun ki pi ba a yo ke w te ranpli yon direktiv a lavans epi ba yo kopi direktiv ke w te prepare ya:

- Doktè w lan;
- Moun (yo) ke w nome kòm reprezantan swen lasante a (yo);
- Nenpòt moun ki va fè konnen ke direktiv a lavans ou yo egziste si w pa kapab fè sa ou menm, tankou manm fanmi an, zanmi pwòch ou, klèje ou oswa avoka w.

Ou ta dwe pote kèk kopi avèk ou lè y-ap admèt ou nan lopital lan, nèsing-om nan, oswa lòt plas kote yo bay swen medikal. Kopi sa a yo pwal fè pati dosye medikal ou.

Aprè m-fin ranpli yon direktiv a lavans, eske m-ka revoke-l?

Wi. Ou kapab revoke yon testaman' n vi oswa apwentman yon reprezantan swen lasante nenpòt lè. Yon testaman' n vi kapab revoke aloral oubyen alekri. Si w siyen yon nouvo testaman' n vi, li kapab revoke nenpòt lòt testaman' n vi ke w te ranpli avan.

Sepandan, pou w revoke apwentman reprezantan swen lasante w lan, ou dwe fè sa alekri epitou an prezans de de (2) temwen ki obsèvre epi siyen revokasyon an pou-l kapab valab.

Chak fwa ke w revoke yon direktiv a lavans, sonje pou w di doktè w lan ak tout lòt moun ki genyen kopi ansyen direktiv a lavans ou yo.

Pou revoke yon konsèvatè ke w te deziye, ou kapab fè sa oubyen alekri oubyen pa yon nouvo deziyasyon ki di ke tout deziyasyon ki te fèt avan yo yo revoke. Nou ta konseye w mete sou papye tout revokasyon w vle fè. Sepandan, si se yon tribunal ki te fè yon apwentman, li pa kapab revoke san lòd yon tribunal.

Si m-deja genyen yon testaman'n vi oswa mwen deja apwente yon moun pou prandesizyon pou swen medikal mwen, eske m-bezwen yon lòt?

Non. Yo te revize stati testaman'n vi nan Konektikèt depi le 1 Oktòb 2006. Si testaman'n vi w lan ak lòt direktiv a lavans, tankou ajan swen lasante oswa pwokirasyon swen lasante, te deja ranpli avan dat sa a, yo toujou valab, menm si yo-on tikras diferan de nouvo direktiv a lavans yo.

Le 1 Oktòb 2006, reprezantan swen lasante vin' ranplase apwentman ajan swen lasante ak tout pwokirasyon swen lasante. Anfèt, reprezantan swen lasante ya se yon konbinezon tou lè de tip de direktiv a lavans sa a yo. Nouvo testaman'n vi a rann li klè ke testaman'n vi a kapab sèvi pou bay enstriksyon sou nenpòt tip swen lasante, pa sèlman sou sistèm la-yf sipò [aparèy vi atifisyèl] yo.

Si m-pa gen direktiv a lavans, kouman ve pèsonèl mwen yo kapab pase si m-pa kapab pale pou tèt mwen?

Si w pa kapab pran epi kominike desizyon w sou swen medikal ou epi w pa genyen yon testaman'n vi, doktè w lan kapab konsilte avèk lòt moun pou l-ka detèmine kisa ve pèsonèl ou ye sou zafè kontinye oswa deploge sistèm la-yf sipò yo.

Si w te pale avèk doktè w lan de ve pèsonèl ou, lio va tou konnen ve pèsonèl ou yo jan w te di. Doktè a kapab mande reprezantan swen lasante a, fanmi pwòch oswa paran pwòch ou yo epi konsèvatè w tou, si gen youn ki te apwente, sou sa w te di yo konsènan ve pèsonèl ou pou kontinye oswa deploge sistèm la-yf sipò yo. Si pèsonn pa konnen ve pèsonèl ou yo, lè sa a yo va pran desizyon ki baze sou pi bon enterè pa w.

Li pa rekòmande pou w repoze w sou enstriksyon aloral ke w bay moun sa a yo pou fè konnen ve pèsonèl ou yo. Si pa genyen yon testaman'n vi, enstriksyon sa a yo kapab mande pou yo espesifik epi yo ka bezwen pwouve devan tribunal. Pi bon konsèy la se pou w ranpli yon testaman'n vi oswa apwente yon reprezantan swen lasante si w vle asire w ke tout moun konnen epi konprann ve pèsonèl ou yo sizoka ou pa ta kapab kominike yo ou menm.

Kisa yon dokiman don antomik ye?

Se yon dokiman ki di ke w fè kado tout oswa nenpòt pati nan kò w ki dwe efektif nan moman ke w mouri. Nenpòt mouon adilt kapab fè don alekri, menm atravè yon testaman, yon kat don, oswa pa yon deklasyon ki enprime oubyen atache nan pèmi operatè veiykil a motè. Yon don anatomik kapab sèvi nan transplant, tearpi, rechèch, edikasyon medikal e dantal, oswa pou avansmanlasyans medikal e dantal. Si w pa mete limit sou itilizasyon odn an yo a youn oswa plizyè nan isaj sa a yo, don an kapab sèvi pou nenpòt nan objektif sa a yo. Ou kapab chwazi ki moun ki pou resevwa don- yon lopital, doktè, lekòl, gwoup akizisyon ògan. Ou gen dwa toou pou w espisifye ke yo itilize don an pou transplant oswa terapi pou yon moun an patikilye. Si pa gen ankenn moun ki deziye pou resevwa don an, nenpòt lopital kapab fè sa.

Eske m-ka revoke yon don anatomik?

Wi. Yon don anatomik kapab revoke oubyen chanje sèlman pa (1) yon deklarasyon siyen; (2) yon deklarasyon aloral an prezans de (2) temwen; (3) oswa lè w enfòme doktè w si w nan yon kondisyon tèminal. Yon don anatomik pa kapab revoke aprè lanmò moun ki fè don an.

Sa-k ka pase si m-genyen plis kesyon?

Si w genyen plis kesyon sou direktiv a lavans lan, pale yo avèk doktè w ak fanmi w. Yon ajan sosyal, reprezantan pasyan oswa yon chaplenn [omonye] kapab ede w, petèt, men yo pa ka ba ou konsèy sou lalwa. Si w gen kesyon sou lalwa, ou ta dwe konsilte yon avoka.

Nòt / Keson

Konprann sa ke w bay valè

Trè Zenpòtan

Enpòtan on tikras

Pa Trè Zenpòtan

1. Pran swen tèt mwen san ke m-pa yon fado pou lòt moun
2. Leve nan kabann mwen chak jou
3. Sòti deyò pou kont mwen
4. Rekonèt fanmi-m avèk zanmi-m
5. Pale avèk lòt moun epi konprann yo tou
6. Pran desizyon pou tèt mwen
7. M-prefere mouri andedan kay mwen
8. Viv san doulè rèd e tout tan
9. Viv san ke m-pa depann de tretman doktè ak machin pou kenbe-m an vi
10. Rete fidèl a kwayans mwen
11. Resevwa tout tretman doktè ki posib
12. Viv osi lontan ke posib san konte kalite la vi mwen
13. Mouri mò natirèl e konfòtab
14. Jwenn dènye swenyay konfò ak sipò pou tèt mwen ak tout fanmi-m

Nou rekòmande ke bagay sa a yo ki enpòtan pou ou, ou diskite yo avèk reprezantan swen lasante w lan epi fanmi w tou.

DIREKTIV A LAVANS POU _____

A tout doktè ki ap swaye mwen, dokiman sa a gen ladan-l pyès ki piba a yo:

1. Moun mwen apwente kòm Reprezantan Swen Lasante
2. Testaman'n Vi mwen oswa Enstriksyon Swen Lasante mwen
3. Dokiman Don Anatomik mwen
4. Deziyasyon Konsèvatè'd Pèsòn mwen pou Fiti Enkapasite mwen

Antan ke doktè mwen, ou kapab fè konfyans a enstriksyon ak deiszyon reprezantan swen lasante mwen oswa konsèvatè'd pèsòn mwen yo, si mwen pa ka pran desizyon pou tèt mwen.

Mwen chwazi pa apwente yon reprezantan swen lasante; silvouplè pase nan paj aprè a. _____(insyal)

APWENTMAN REPREZANTA N SWEN LASANTE

Mwen apwente _____ kòm Reprezantan Swen Lasante mwen. Si Doktè k-ap swaye-m nan detèmine ke mwen pa kapab konprann epi apresye nati ak konsekans desizyon swen medikal yo epi m-pa kapab pran e kominike yon desizyon savant sou tretman an, reprezantan swen lasante mwen an otorize pou li pran nenpòt ak tout desizyon sou swen lasante pou mwen, san wete desizyon pou aksepte oswa refize tretman, sèvis oswa pwosedi pou dyagnostike oubyen swaye maladi fizik oswa mantal epi pou pran desizyon pou plase, kontinye oswa deploge sistèm la-yf sipò [aparèy vi atifisyèl], sòf nan ka lalwa mande otreman tankou nan egzanp sikochiriji oswa chòk terapi.

Mwen mande reprezantan swen lasante mwen an pou li pran nan plas mwen desizyon ki an akò avèk ve pèsonèl mwen, jan mwen deklare nan dokiman sa a oswa jan reprezantan swen lasante mwen an konnen yo. Sizoka ve pèsonèl mwen yo pa ta klè oswa yon sityasyon ta rive ke mwen pa-t prevwa, reprezantan swen lasante mwen an kapab pran desizyon ki plis nan enterè mwen daprè sa ke li konnen de ve pèsonèl mwen.

Si _____ pa vle oswa li pa kapab sèvi kòm reprezantan swen lasante mwen,

Mwen apwente _____ pou sèvi kòm yon reprezantan swen lasante altènatif.

Pi lwen, mwen bay enstriksyon, jan lalwa mande-l, pou doktè k-ap swaye mwen an revele bay reprezantan swen lasante mwen an enfòmasyon sekrè sou sante mwen konsènan kapasite pou-m konprann epi apresye nati ak konsekans desizyon swen lasante epi pou-m rive pran epi kominike yon desizyon savant sou tretman mwen lè reprezantan mwen an ta mande yo nenpòt lè aprè m-fin siyen fòm sa a.

Mwen chwazi pa bay Enstriksyon pou Swen Lasante, silvouplè ale nan paj aprè a. _____(inisyal)

TESTAMAN'N VI OUBYEN ENSTRIKSYON SWENLASANTE

Sil rive yon tan kote mwen vini entatad opwen ke m-pa kapab patisipe aktivman ankò nan desizyon pou pwòp vi pa mwen, epi m-pa kapab dirije doktè mwen nan fason pou li swaye mwen, mwen vle ke deklarasyon sa a sèvi kòm testaman ve pèsonèl mwen.

Mwen menm _____, moun ki ekri dokiman sa a, mande ke, si yo trouve ke mwen rive nan kondisyon tèminal oswa si yo detèmine ke mwen tonbe nan lenkonsyans pèmanan, ke yo kite mwen mouri san ke yo pa kenbe-m vivan nan sistèm la-yf sipò [aparèy vi atifisyèl] yo.

Lè m-di kondisyon tèminal, mwen vle vi ke mwen rive nan yon kondisyon medikal enkirab e irevèsib ki, san se pa sistèm la-yf sipò yo, kapab, dapre opinyon doktè ki la, koze lanmò mwen nan yon ti tan trè kout. Lè mwen di lenkonsyans pèmanan, mwen vle di ke mwen nan yon koma pèmanan oswa nan yon eta vejetatif pèsistan ki se yon kondisyon irevèsib kote a okenn moman mwen pa konnen anyen de mwen menm oswa antouraj mwen epi mwen pa manifeste okenn konpòtman an repons a antouraj mwen.

Enstriksyon Espesifik

Pi ba a nou jwenn lis enstriksyon mwen yo sou tip patikilye sistèm la-yf sipò [aparèy vi atifisyèl] yo. Lis sa a pa enkli tout bagay net. Deklarasyon jeneral ke mwen fè pou ke yo pa kenbe-m vivan nan aparèy vi atifisyèl ke yo vle mete-m yo limite sèlman a kote mwen endike ke mwen vle pou yo ban mwen yon tretman patikilye.

Bay / Refize Resisitasyon Kadiopilmonè _____
Respirasyon Atifisyèl (I-konpri yon respiratè) _____
Mwayen Atifisyèl pou Nitrisyon ak Idrasyon _____

Lòt demann espesifik

Mwen vle sifizamman de medikaman doulè pou kenbe-m fizikman konfòtab. Mwen pa mande pou yo pran lavi-m rapid rapid, men sèlman pou yo pa pwolonje lanmò mwen san rezon.

DOKIMAN POU DON ANATOMIK

Mwen p-ap fè don anatomik kou l-ye a. _____(inisyal ou) _____ Avèk aksyon sa a
mwen fè don anatomik sa a ki va efektif lè-m mouri, si sa aplikab medikalman. _____(inisyal ou)
Mwen bay: (tcheke youn) _____(1) nenpòt ògàn oswa pati yo bezwen _____(2) sèlman
ògan oswa pati ki pi ba a:

Ki va sèvi pou: (tcheke youn) _____(1) nenpòt ki bi jan li rapòte nan souseksyon (a) seksyon
19a-279f òdonans jeneral yo _____(2) bi limite sa a yo _____

DEZYASYON YON KONSEVATÈ'D PÈSÒN

Mwen chwazi pa deziye yon moun pou apwente kòm konsèvatè mwen. _____(inisyal ou)

Oka yon konsévatè'd pèsòn mwen ta dwe apwente, mwen deziye _____, pou apwente kòm
konsèvatè mwen.

Si moun sa a pa ta vle oswa li pa kapab sèvi kòm konsèvatè pèsòn mwen, mwen deziye
_____, pou apwente kòm konsèvatè mwen. Pa gen obligasyon pou ni youn ni lòt nan moun sa a yo nan okenn jiridiksyon.

Mwen fè demann, apwentman ak deziyasyon sa a yo avèk anpil refleksyon, epi avèk tèt mwen byen
anplas. Nenpòt moun ki resevwa yon kopi diman egzekite oswa yon faksimile dokiman sa akapab
fè-l konfyans amwens ke moun sa a resevwa yon avi de revokasyon nan menm.

X _____ L.S. Date
_____, 20 _____

DEKLARASYON TEMWEN YO

Se te an prezans nou ke _____, te siyen dokiman sa a; otè
dokiman sa a sanble li gen dizwit an daj oswa pi plis, li te gen tèt li byen anplas epi li te an mezi
pou-l konprann nati ak konsekans desizyon sou swen lasante yo nan moman li t-ap siyen dokiman
sa a. Otè dokiman an pa-t sanble li te anba okenn movèz enfiliyans. Nou te souskri a dokiman saa
nan prezans otè li a, sou demann otè a epi nan prezans youn lòt.

X _____ X _____
(Temwen) (Temwen)

X _____ X _____
(AdrèsLari) (Adrès lari)

X _____ X _____
(Vil, Eta, Zipkòd) (Vil, Eta, Zipkòd)

FÒM FAKILTATIF

AFIDAVIT TEMWEN YO

:ss._____) (Vil) KONTRE_____) ETA KONEKTIKÈT)))

Nou, temwen ki souskri yo, etan diman plase sou sèman, di ke nou se temwen nan egzekisyon enstriksyon pou swen lasante sa a yo, apwentman yon reprezantan swen lasante, deziyasyon konsèvèt pou enkapasite fiti avèk yon dokiman don anatomik pa otè dokiman sa a; ke otè a souskri, pibliye, epi deklare ke menm dokiman an se enstriksyon otè a, apwentman ak deziyasyon nan prezans nou k-aprè sa nou te souskri a dokiman an kòm temwen nan prezans otè a; sou demann otè a epi nan prezans youn lòt; ke nan moman egzekisyon dokiman dekri a, otè a parèt nan je nou kòm yon mouon ki gen dizwit and daj oswa pi gran, tèt li byen anplas, an mezi pou konprann nati ak konsekans dokiman dekri a, epi anba okenn enflyians movèz, epi nou fè deklarasyon soou sèman sa a [afidavit] sou demann otè a nan_____ jou mwa'd_____, 20_____.

X _____
(Temwen)

(Adrès Lari)

(Vil, Eta, Zipkòd) (City, State, Zip Code)

X _____
(Temwen)

(Adrès Lari)

(Vil, Eta, Zipkòd) (City, State, Zip Code)

Souskri e asèmante pa devan mwen pa_____ ak
_____, moun k-ap siyen kòm temwen afidavit ki dekri pi wo anan_____ jou mwa'd
_____, 20_____.

Komisyón la Kou Siperyè Notè Piblik Komisyón mwen ap ekspire: _____

(Ekri an lèt denprimri oswa tape non yo anba siyati tout moun ki siyen)

POLITIK LOPITAL STAMFORD KONSENAN DIREKTIV ALAVANS

Lopital Stamford lan respekte tout lwa leta ak federal aplikab ki gouvènen direktiv a lavans. Li rekonèt epi respekte ve pasyan yo nan sou swen lasante yo daprè jan yo eksprime yo nan direktiv a lavans ekzekite kòrekteman ak konpetans, nan fason ki konfòm avèk meyè jijman medikal doktè kii sou plas ak modèl swen ki aplikab.

Lopital lan ta dwe resevwa yon kopi direktiv a lavans la ki ekzekite kòrekteman nan moman admisyon pasyan an osnon osito aprè ke li posib, ke yo va plase nan dosye medikal pasyan an. Oka pasyan an revoke oswa ekzekite yon nouvo direktiv a lavans, lopital lan dwe resevwa yonkopi. Lopital la gen dwa chwazi pou-l pa aksepte yon moun kòm reprezantan swen medikal yon pasyan si li gen kwayans rezonab ke (i) pasyan an te oswa pètèt te viktim vyolans domestik, abi oswa neglijans; (ii) aksepte yon tèl moun kòm reprezantan swen lasante kapab mete pasyan an andanje; oswa (iii) li pa nan meyè enterè pasyan an pou aksepte moun nan kòm reprezantan swen lasante daprè jijman pwofesyonè Lopital lan.

Nenpòt kesyon oswa dezakò nan aplikasyondirektiv a lavans la va dirije dwat bay Depatman apwopriye a oswa Komite Etik lan. Si yon pasyan oswa yo reprezantan swen lasante gen you kesyon sou yondirektiv a lavans, li ta dwe kontakte Depatman Relasyon Pasyan nan 203-276-7555 oswa li gen dwa plase yon konplent nan Depatman Sante Biblik Konektikèt, tel: 860-509-7400, 410 Capitol Avenue, Hartford, CT 06134.

Si doktè ki sou plas la oswa Lopital la gen yon objeksyon pou yo obsève direktiv a lavans la nan yon aspè kèlkonk tretman oubyen swen pasyan an baze sèlman sou rezon'n konsyans, an akò avè E stati Jeneral Konektikè seksyon 19a-580a, y-ap pran tout aksyon rezonab pou transfere pasyan an osi rapid ke-l pratik bay yon lòt doktè oswa nan yon lòt lye de sante kote yo dispoze pou obsève direktiv a lavans lan.

Nou nan Lopital Stamford rekonèt ke tach pou fòmile yon direktiv a lavans nan yon ti tan e de manyè objektif kapab difisil pou anpil moun. Konfizyon ke pakèt nouvo maladi ap koze oswa menm konsiderasyon kesyon sou laj avanse ak mòtalite yo kapab trè twoublan.

Anpil moun jwenn ke yo gen bezwen omwen yon ti asistans. Petèt ouu menm tou ta renmen yo klarifye tèminoloji, eksplikasyon sou opsyon yo, epi repons a kesyon soou yon varyete'd tretman. Alò ke yon direktiv a lavans ka retire nan lavi w ak fanmi w, e li kapab konsidere kòm yon kado nan fanmi a, pwozesus lan kapab toujou trè di.

You ta dwe pataje sousi w yo avèk fanmi w oswa avèk doktè w. Si w ta vle pale avèk yon moun nan staf pèsonèl Lopital la avan w konplete direktiv a lavans lan, silvouplè, ou lib pou w kontakte Ajan Sosyal Lopital la nan:

Depatman Travay Sosyal (203) 276-7447

Depatman Relasyon Pasyan (203) 276-7555

Menm si nou pa ka ofri konsey legal, nou va fè tout efò nou pou asiste w. Pou kesyon legal espesifik ak konsèy ou ta dwe kontakte yon avoka. Ou ta dwe pataje ve pèsonèl ou yo avèk reprezantan swen lasante w lan.